РЦИ-Аланийы Горæтгæрон районы адæмон газет
Народная газета Пригородного района РСО-Алания

# ФИДИУÆГ
## ГЛАШАТАЙ

ВЫХОДИТ с 1937 года. ЧЕТВЕРГ 14 октября 2021 г. №113 (12229). Цена - 10 руб.

Рабочий визит

# Сергей Меняйло оценил темпы строительства образовательных учреждений в Пригородном районе

***Глава РСО-Алания Сергей МЕНЯЙЛО продолжает инспектировать строящиеся социальные объекты в республике. На этот раз руководитель Северной Осетии в сопровождении врио министра строительства и архитектуры Константина МОРГОЕВА посетил Пригородный район, где ведется строительство и ремонт 7 образовательных учреждений.***







Новая школа в рамках национального проекта "Образование" на 360 мест в с. Чермен появится в 2021 году. В школе предусмотрены спортивный и актовый залы, просторные кабинеты, мастерские для мальчиков и девочек. Объект готов на 90%: на данный момент идут работы по благоустройству территории, устройству футбольного поля, наружных сетей газопровода, ведется внутренняя чистовая отделка и установка светильников.

Напомним, ранее Глава Северной Осетии во время рабочей встречи в Пятигорске обратился к Председателю Правительства РФ **Михаилу Мишустину** с просьбой помочь с завершением строительства общеобразовательной школы. На эти цели из федерального бюджета было выделено 23,5 млн руб.

Открытие новой школы в Чермене позволит уйти от двухсменного режима обучения в школе №3, где при проектной мощности 550 человек обучается в 2 раза больше детей.

Активными темпами идет и строительство Детского сада на 120 мест в том же селении. За время работы на объекте подрядной организацией завершено возведение надземной части первого этажа, продолжаются работы по кирпичной кладке наружных и внутренних стен второго этажа, выполняется вертикальная планировка, устанавливается забор и наружные инженерные сети.

*- Техническая готовность составляет 31%. К началу новой недели бригада приступит к монтажу второго этажа, а к концу месяца уже передадут фронт работ кровельщикам. Затем начнутся полномасштабные отделочные работы. В ноябре тепловой контур здания будет закрыт. Рисков по данному объекту нет,* - пояснил **Константин Моргоев.**

Еще один социально важный объект для республики - строительство Детского сада на 120 мест в с. Нижняя Саниба. На объекте завершено возведение надземной части первого этажа, укладка внутренних сетей канализации, а также вертикальная планировка территории. Подрядчик частично приступил к кирпичной кладке внутренних и наружных стен второго этажа.

Завершая рабочий визит, **Сергей Меняйло** акцентировал внимание на важности строительства объектов.

*- Откровенно говорите о проблемах, которые появляются по ходу строительства, вместе будем решать. Повторяю - никаких срывов быть не должно, все работы нужно выполнить на должном уровне! Это серьезный вопрос. Вы строите социально важные объекты, которые ждут жители Пригородного района, и я буду требовать добросовестного исполнения обязательств от каждого ответственного лица,* - подчеркнул Глава РСО-Алания **Сергей Меняйло**.

***Пресс-служба Главы РСО-Алания и Правительства РСО-Алания.***

Спортивный вестник

# Очередной успех колизейцев

***С 8 по 10 октября во Дворце спорта "Манеж" (г. Владикавказ) проходил Всероссийский культурно-спортивный фестиваль "Мирный Кавказ" по боевым искусствам, где приняли участие представители СКФО и ЮФО, в т.ч. и РСО-Алания.***




**На первой ступени пьедестале почета - Олег АМБАЛОВ. Награждение проводили (слева направо) Таймураз АЛБОРОВ и Игорь ТАЙМАЗОВ (гл. судья соревнований)**

В составе сборной команды республики выступили воспитанники б/к "Колизей" Пригородной ДЮСШ №1 (директор Т. Агкацев).

В первый день по армейскому рукопашному бою свое мастерство показали **Батрадз Булкаев** (в/к - 60 кг), **Артур Чемизов** (в/к - 70 кг) и **Максим Бибилов** (в/к - 65 кг).

Первый провел три боя и во всех поединках одержал убедительные победы. В финале встретился с коллегой по команде - чемпионом России (2020 г.) **Давидом Гасанбековым**, и в упорной борьбе победу праздновал **Батрадз Булкаев**.

Соперником **Артура Чемизова** в финале был сильный кабардинский боец, чемпион СКФО. В жесткой борьбе наш боец завоевал серебряную медаль.

Неплохо вел бой и **Максим Бибилов**, но не смог пробиться в финал. В борьбе за 3-е место он соперничал со своим одноклубником **Хетагом Качмазовым** и победил его, завоевав бронзу.

На второй день спортсмены выступали по всестилевому карате, и здесь опять отличились воспитанники б/к "Колизей" (с. Камбилеевское) и заняли следующие призовые места: **Олег Амбалов** (в/к - 42 кг) - 1 место, **Руслан Гаглоев** (в/к - 60 кг), - 1 место, **Амур Джаджиев** (в/к - 72 кг) - 1 место, **Бимболат Амбалов** (в/к - 36 кг) - 2 место, **Сармат Цховребов** (в/к - 64 кг) - 2 место, **Хетаг Тасоев** (в/к - 45 кг) - 3 место, **Азамат Дзеранов** (в/к - 39 кг) - 3 место, **Федор Немцов** (в/к - 48 кг) - 3 место.

Победители и призеры были награждены грамотами и медалями.

Спортсменов к соревнованиям подготовили тренеры-преподаватели **Таймураз Алборов** и **Эрик Амбалов.**

***А. АХСАРОВ.***

Право знать

# Внесудебное банкротство

***Право физического лица на банкротство - неотъемлемый социальный инструмент в любой цивилизованной стране. Учитывая нестабильность экономической обстановки, данная тема очень актуальна для граждан.***



Напомним, с **1 сентября** для физических лиц предусмотрен внесудебный порядок банкротства - по заявлению через многофункциональные центры. Такой механизм позволяет избавиться от долгов перед кредиторами, если их невозможно погасить, а средств и имущества у должника нет.

Воспользоваться процедурой внесудебного банкротства имеют право граждане:

- имеющие общий размер денежных обязательств и обязанностей по уплате обязательных платежей не менее 50 тыс. рублей и не более 500 тыс. рублей, при этом учитываются просроченные долги по всем возможным кредитным обязательствам;
- в отношении которых закрыты исполнительные производства ФССП (отсутствие имущества и на момент подачи заявления не открыто новых аналогичных производств).

Для прохождения процедуры внесудебного банкротства необходимо обратиться в многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг с заявлением о признании гражданина банкротом во внесудебном порядке с приложением следующих документов:

- заявление (по форме, приказ Минэкономразвития от 4 августа 2020 г. №497);
- паспорт;
- документ, подтверждающий место жительства или пребывания;
- документ, подтверждающий полномочия представителя (если заявление подается представителем);
- список кредиторов (в соответствии с формой п.3.ст.213.4 Закона о банкротстве).

Данная процедура исключает судебные издержки для граждан.

Процедура внесудебного банкротства завершается по истечении 6 месяцев со дня подачи заявления.

С этого времени пени и штрафы за просрочку долговых обязательств прекращают начисляться, а гражданин, пока длится процедура банкротства, лишается возможности брать новые кредиты и выступать поручителем.

***ГБУ "МФЦ" РСО-Алания.***

Прокурор разъясняет

# Об уголовной ответственности за злостное уклонение от погашения кредиторской задолженности

***В настоящее время получение населением различного вида кредитов продолжает оставаться распространенным явлением.***




Вместе с тем часто имеет место неисполнение гражданами финансовых обязательств перед кредитными организациями. За это российским законодательством предусмотрена уголовная ответственность.

Статьей 177 Уголовного кодекса РФ за злостное уклонение от погашения кредиторской задолженности предусмотрено наказание в виде штрафа, обязательных либо принудительных работ, а также лишение свободы на срок до 2 лет.

Кредиторская задолженность может быть не только перед финансовыми учреждениями. Она представляет собой любой вид неисполненного обязательства должника перед кредитором, включая денежное обязательство, возникающее из любых видов гражданских договоров (купли-продажи, кредита, подряда и т.д.).

При этом обязательным условием привлечения к уголовной ответственности за совершение рассматриваемого преступления является наличие вступившего в законную силу судебного акта, установление злостности, а также крупный размер кредиторской задолженности, превышающий 2 млн 250 тыс. рублей.

Злостность уклонения - это оценочное понятие, которое устанавливается судом в каждом конкретном случае с учетом всех обстоятельств дела. О таком поведении должника могут свидетельствовать, в частности, представление судебному приставу-исполнителю недостоверных сведений о своих источниках дохода и имущественном положении, сокрытие доходов и имущества, перемена места жительства, работы, анкетных данных, выезд за рубеж, совершение сделок по отчуждению имущества, передача его третьим лицам и другие действия, направленные на воспрепятствование принудительного исполнения судебного акта.

Необходимо отметить, что уклонение может иметь место лишь в том случае, когда у лица есть реальная возможность погасить существующую кредиторскую задолженность. В противном случае состав преступления, предусмотренного ст.177 УК РФ, отсутствует.

***Лариса ЕГОРОВА,***
***старший помощник прокурора Пригородного района.***

# С 1 сентября 2021 года штрафы с дорожных камер можно обжаловать через госуслуги

***Напомним, что в соответствии с изменениями, внесенными в Кодекс РФ об административных правонарушениях Федеральным законом от 29.12.2020 г. №471-ФЗ, если правонарушение зафиксирует автоматическая дорожная камера, жалобу на постановление по делу можно подать, например, через госуслуги. В этом случае копию решения по жалобе смогут направить заявителю через портал в течение 3 дней с даты его вынесения.***




Постановлением Правительства РФ от 19.06.2021 г. №947 утверждены Правила направления экземпляров постановлений и копий решений по жалобам на постановление по делу об административном правонарушении и материалов, полученных с применением работающих в автоматическом режиме специальных технических средств, имеющих функции фото- и киносъемки, видеозаписи или средств фото- и киносъемки, видеозаписи, лицу, в отношении которого возбуждено дело об административном правонарушении, в форме электронного документа, подписанного усиленной квалифицированной электронной подписью уполномоченного должностного лица, с использованием Единого портала государственных и муниципальных услуг.

Указанный документ устанавливает правила направления через госуслуги постановлений и материалов по данным делам, а также копий решений по жалобам.

Постановление будут считать доставленным на следующий день с момента: его размещения на госуслугах - если адресат согласился получать такие документы лишь этим способом; входа адресата на портал в течение 7 дней с даты размещения - если согласия нет.

Документ направят на бумаге, если адресат: не зарегистрировался на госуслугах; не зашел на портал в течение 7 дней с даты размещения постановления и не дал согласия получать такие документы через него или отозвал согласие; отказался получать постановления через госуслуги.

Копию решения по жалобе будут считать доставленной через госуслуги с момента входа адресата на портал.

Напомним, по общему правилу обжаловать постановление можно в течение 10 суток со дня вручения или получения его копии.

***Вадим БЗЫКОВ,***
***старший помощник прокурора Пригородного района.***

Ногир: 100 лет

# С юбилеем, Ногир!



*В минувшее воскресенье Ногирское сельское поселение собрало многочисленных гостей на свой вековой юбилей.*






Поздравить ногирцев со знаменательным событием пришли члены Правительства РСО-Алания и АМС МО Пригородный район, представители общественности, выходцы села, гости из разных районов республики и регионов страны, а также делегация из Южной Осетии.

Участникам мероприятия была представлена фотовыставка, рассказывающая об истории села. Во дворе Дома культуры развернули различные тематические площадки.

Мероприятие началось с открытия памятника переселенцам из Южной Осетии, основавшим населенный пункт 100 лет назад.

Почетное право перерезать красную ленту было предоставлено заместителю Председателя Правительства РСО-Алания **Ахсарбеку Фадзаеву** и идейному вдохновителю памятника - заслуженному строителю РФ **Тамерлану Алборову**.

Со словами поздравлений к присутствующим обратились первый Президент Южной Осетии **Людвиг Чибиров, Ахсарбек Фадзаев**, заместитель главы АМС МО Пригородный район **Георгий Габараев**, глава Ногирского сельского поселения **Юрий Сланов**, доктор юридических наук, профессор Академии народного хозяйства и государственной службы при Президенте РФ **Владимир Джатиев, Тамерлан Алборов**.

*"В день празднования юбилея мы должны отметить не только спортивные достижения жителей Ногира, но и с благодарностью вспомнить боевые подвиги ногирцев в Великой Отечественной войне и в локальных войнах. Вы по праву можете гордиться трудовыми подвигами землепашцев и строителей, учителей и врачей, ученых и деятелей искусства, внесенных не только в летопись села и района, но и в историю нашей страны"*, - отметил в приветственном письме глава муниципального образования Пригородный район **Алан Гаглоев**.

Далее состоялась торжественная церемония награждения жителей села, внесших значительный вклад в развитие села, района, республики.

Так, Указом Главы РСО-Алания почетное звание "Заслуженный учитель РСО-Алания" присвоено учитель биологии СОШ №2 с. Ногир **Светлане Джикаевой;** благодарственное письмо Главы РСО-Алания за многолетний и добросовестный организационно-педагогический труд получил директор ДК с. Ногир **Виталий Джиоев.**

Решением Собрания представителей муниципального образования Пригородный район за выдающиеся достижения и большой личный вклад в развитие физической культуры и спорта звание "Почетный гражданин Пригородного района" присвоено **Эльбрусу Тедееву, Тимуру Таймазову, Алану Хугаеву** и **Артуру Таймазову.**

Почетных грамот Министерства образования и науки РСО-Алания за добросовестный труд, достижения и заслуги в сфере образования удостоены педагог-организатор СОШ №1 с. Ногир **Альбина Фарниева**, учитель физической культуры СОШ №2 с. Ногир **Гаратина Базаева**, учитель начальных классов СОШ №1 с. Ногир **Нэля Кабисова**, учитель физики СОШ №1 с. Ногир **Лариса Техова**, учитель английского языка СОШ №2 с. Ногир **Людмила Колижук**, учитель русского языка и литературы СОШ №1 с. Ногир **Анжела Кочиева.**

Почетные грамоты главы муниципального образования Пригородный район за многолетний добросовестный труд получили заместитель главы Ногирского сельского поселения **Фатима Дзагоева**, специалист администрации с. Ногир **Лариса Багаева**, ведущий специалист администрации с. Ногир **Инна Козонова**, специалист администрации с. Ногир **Фатима Канукова**, инспектор ВУС с. Ногир **Валентина Гаглоева**, учитель английского языка СОШ №1 с. Ногир **Стелла Кудзиева**, учитель информатики СОШ №1 с. Ногир **Оксана Тибилова**, учитель начальных классов СОШ №1 с. Ногир **Оксана Наниева**, учитель начальных классов СОШ №2 с. Ногир **Зарина Цагараева**, учитель начальных классов СОШ №2 с. Ногир **Лариса Еналдиева**, воспитатель Детского сада №12 с. Ногир **Зарина Хубаева**, воспитатель Детского сада №12 с. Ногир **Елена Кусраева**, воспитатель Детского сада №12 с. Ногир **Галина Сиукаева**, помощница воспитателя Детского сада №12 с. Ногир **Лариса Цховребова**, заместитель директора по хозяйственной части Детского сада №12 с. Ногир **Лариса Чибирова**, бухгалтер Детского сада №12 с. Ногир **Анжела Дзагоева**, учитель физической культуры СОШ №1 с. Ногир **Марат Кайсинов**, учитель изобразительного искусства СОШ №1 с. Ногир **Екатерина Кайсинова**, тренер-преподаватель ДЮСШ №1 **Марат Багаев**, заместитель директора СОШ №1 с. Ногир **Рита Короева**, учитель географии СОШ №1 с. Ногир **Лариса Цховребова**, делопроизводитель СОШ №1 с. Ногир **Алана Дзукаева**, главный бухгалтер СОШ №1 с. Ногир **Инна Сабанова**, учитель химии СОШ №2 с. Ногир **Марина Губиева**, учитель физики СОШ №2 с. Ногир **Нелли Джиоева**, учитель информатики СОШ №2 с. Ногир **Мадина Багаева,** преподаватель народного отделения ДК с. Ногир **Зарина Тедеева**, сотрудник ДК с. Ногир **Казбек Базаев,** предприниматели **Алан Багаев** и **Аслан Битаров**, начальник отделения Почтовой связи с. Ногир **Фатима Дзагоева**, работники колхоза с. Ногир **Рустам Кокоев** и **Ахсар Бибилов.**

В 1920-м году прошлого столетия тысячи людей бежали из Южной Осетии, спасаясь от грузинских карательных отрядов меньшевистской Грузии. В результате их вторжения было убито более 5 тысяч человек, еще 15 тысяч беженцев погибли при переходе через перевал по дороге в Северную Осетию. Свои дома были вынуждены покинуть около 40 тысяч человек. Большая часть бежавших обосновалась там, где впоследствии и возникло село Ногир, название которого переводится как Новая Осетия.

По историческим данным, до Октябрьской революции на месте села был царский военный полигон. Основателями современного Ногира считаются: **Доментий Хугаев, Разден Козаев**, революционер **Александр Джатиев, Серго Санакоев**, профессор и революционер **Арон Плиев, Аго Калоев, Васо Абаев, Сако Сланов, Тома** и **Исмел Габуаевы, Симон Булацев, Бадила Гагиев, Тебо Теблоев** и беженцы из Южной Осетии

В конце 1930-х годов в селе появилась первая школа. Ее учениками были поэты **Грис Плиев**, **Нафи Джусоев**, режиссер **Геор Хугаев**. В 1970-х были построены Дворец культуры и еще одна школа.

В 2018 году у входа в первую среднюю школу установили памятник одному из основателей села Доментию Хугаеву.

Небольшое село Северной Осетии подарило миру сразу четырех олимпийских чемпионов - борцов **Артура Таймазова, Эльбруса Тедеева** и **Алана Хугаева**, а также тяжелоатлета **Тимура Таймазова**. Кроме того, родители серебряного призера Олимпиады-2012 по греко-римской борьбе **Рустема Тотрова** тоже из Ногира.

Украшением праздника стал концерт, в котором приняли участие творческие коллективы ДК и ДМШ с. Ногир, а также ДК с. Сунжа и ст. Архонской. На сцене выступили звезды осетинской эстрады.

День был пронизана гордостью за родное село, чувством любви к малой родине!

Процветания тебе, Ногир! Благополучия и уверенности в завтрашнем дне вам, ногирцы! Пусть царят в ваших домах радость, мир и доброта!

***Спец.корр.***

15 октябрь - Хетæгкаты Къостайы райгуырæн бон

# Нæ дзыллæйы зæрдæ! Нæ дзыллæйы ном!



## Алкæй дæр фæндыд йемæ базонгæ уæвын

Хетæгкаты Къостайы ном куы айхъуысти æгас Ирыстоныл, уæд Æрыдоны семинары æфсæн дуæрттæ нал бахъыгдардтой ахуыргæнинæгты уыцы номы тæвагæй. Уыди уый 1887 - 1989 азты. Къостайы æмдзæвгæтæ къухфыстæй æфтын байдыдтой скъоламæ. Къоста, Некрасовы фæзмгæйæ, цы поэмæ ныффыста, "Хъæлдзæг цард кæмæн ис", зæгъгæ, уый газеты куы рацыди, уæд æй ахуыргæнинæгтæй иу дæр æнæ бакæсгæ нæ фæци. Æхсызгон уыди не 'ппæтæн дæр, Терчы облæсты хицæуттæ дзы æфхæрд кæй цыдысты, уый. Къоста адæмы сæрыл куыд тох кодта, мæгуырты, æфхæрдтыты фарс куыд хæцыди, уый тыххæй адæмы æхсæн хæлиу кодтой легендæтæ. Семинары ахуыргæнинæгтæй иуæй-иутæ фендтытæ кодтой Къостайы, æмæ-иу сæ иннæтæ фарстой: "Цы хуызæн у? Куыд у?" Фæлæ уыдоны дзуæппытæ бирæтæм æгъгъæд нæ кастысты, алкæй дæр фæндыди хи цæстытæй фенын ирон адæмон поэты æмæ йемæ базонгæ уæвын. Къоста Терчы облæстæй æрвыст куы нæма уыди, уæд семинары ахуыргæнинæгтæй чидæртæ аскъуыддзаг кодтой Къостайы фенын. Иубон къорд æмбалæй мах сæумæрайсом фистæгæй фæраст стæм Дзæуджыхъæумæ, цæмæй Къостаимæ базонгæ уæм, уый тыххæй. Фæнд нæм уыди суанг йæ фатермæ дæр бацæуын. Фатермæ цæуыны сæр нæ нæ бахъуыди. Къостайы федтам бульвары, иунæгæй бадгæйæ. Уым æм бацыдыстæм æмæ йын загътам, дæ фенын, дæу базоныны тыххæй ссыдыстæм, зæгъгæ. Уыдыстæм 8-10 æмбалы. Къоста ныл бацин кодта, нæ къухтæ нын райста. Ныхас нын бацайдагъ. Къоста нæ фарста скъолайы царды тыххæй, ахуыргæнджытæ æмæ ахуыры предметты тыххæй. Мах фæныхас кодтам иу-сахаты бæрц, стæй Къоста загъта:

- Афонмæ æз Ирыхъæуы уаин - уырдæм рараст дæн, фæлæ мын æхсызгон уыди уæ фенд, уемæ аныхас кæнын. Æгæр бирæ рæстæг сафут кувынтыл æмæ дины чингуытæ ахуыр кæныныл, фæлæ ницы кæны... Ахуыр кæнут зæрдиагæй... Æндæр скъолатæ дæр нæм фæзындзæни. Сыстади, хæрзбон загъта æмæ араст и Ирыхъæуы 'рдæм.

- Искуы та фендзыстæм æмæ аныхас кæндзыстæм.

Æз ма йæ уый фæстæ, ахуыргæнæг уæвгæйæ, дыууæ-æртæ хатты федтон.

***КОЦОЙТЫ Арсен.***
***Газет "Æрыгон большевик", 1939, 20 ноябрь, №163 (1281).***

*Люблю я целый мир, люблю людей, бесспорно,*
*Люблю беспомощных, обиженных сирот,*
*Но больше всех люблю, чего скрывать позорно? -*
*Тебя, родной аул и бедный наш народ.*
*КОСТА.*

## Зындгонд адæм - Къостайы тыххæй

**Всеволод МИЛЛЕР, зындгонд ахуыргонд, фольклориртасæг, этнограф, археолог:**

*“Æз ирон æвзагæй цæйбæрц къуымых дæн, фæлæ ма суанг афтæмæй дæр мæ зæрдæйæ æнкъарын, æнафоны йæ цардæй чи ахицæн, уыцы поэты "Ирон фæндыр"-ы рæсугъд зæлтæ, йæ æмдзæвгæты диссаджы дзырдарæхстдзинад æмæ аивдзинад. Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ Къостайы æмдзæвгæтæй бирæтæ хъуамæ суой æппæтадæмон хæзнатæ, кæд ныронг нæма систы, уæд. Ныфс нæ ис, рухсадмæ, раззагдæр культурæмæ йæ риуы æмбæрц фæндæгтæ чи гæрды, уыцы курдиатджын адæм ма ноджыдæр кæй ратдзысты æндæр стыр лæгты, йæ адæмы Къостайау рæстдзинадмæ, рухсмæ æнæзивæг чи хона, ахæмты”.*

**Мариэттæ ШАГИНЯН, фыссæг:**

*"Ирыстоны уыдтæн бирæ хæттыты, зæрдæрухсæй цыдтæн уыцы аргъæутты бæстæйы фæндæгтыл. Ирыстоны æрмæст иунæг хатт чи фæуа, уый дæр æй бауарздзæни. Мæ зæрдыл уæлдай арæхдæр æрбалæууынц æртынæм азтæ - Цæгат Кавказы аивады рæзты бæрнон æмæ рæсугъд рæстæг. Ирыстоны нывгæнджытæ уæд райдыдтой сфæлдыстадон фæндæгтыл фидар санчъехтæ кæнын. Уыцы фæндæгтæ сын рухс кæны æрттиваг стъалы - Хетæгкаты Къоста, курдиатджын нывгæнæг. Хъуамæ алчидæр зона, Хетæджы-фырт æрмæст фыссæг æмæ æхсæнадон архайæг кæй нæ уыди, фæлæ нывкæнынадмæ дæр стыр бавæрæн кæй бахаста, уый. Уырны мæ: Къостайы нывкæнынады фарн кæддæриддæр разæнгард кæндзæн йæ фæдонты - ирон нывгæнджыты".*

**НИГЕР, зындгонд ирон поэт:**

*"...Къоста æрмæст поэт нæу. Ирон адæмы зондахасты уый у цавæрдæр тыхджын, цавæрдæр домбай аргъæутты хъæбатыр. Æмæ йæ ахæмæй æвдисынц адæмон зарджыты æмæ таурæгъты. Уый у, йæ алæмæттаг уадындзы цагъдмæ-иу адæм дæр æмæ сырдтæ дæр, мæргътæ дæр æмæ кæсæгтæ дæр, хæхтæ дæр æмæ хъæдтæ дæр, дæттæ дæр æмæ мигътæ дæр цымыдисæй кæмæ æрыхъуыстой, уыцы æрдхæрæны зарæггæнæг Ацæмæз ирон адæмы Нарты таурæгътæй. Уый у мæгуырты, сидзæргæсты æмæ сидзæрты хорз хæлар, талынг, ссæст адæмы æвæллайгæ фарсхæцæг æмæ сæ сæрыл æгъатыр тохгæнæг.*

*"Нæ кады мæсыг", "Ирон литературæйы сæууон стъалы", "Мæгуырты сæрхъуызой", "Цæхæрцæст уари" - фырбуцæн ахæм нæмттæй хонынц ирон адæм Къостайы".*

**Георгий ПЕТРОВСКИЙ, Мæскуыйы М.В. Ломоносовы номыл паддзахадон университеты раздæры ректор, Академик:**

*"Ирон аивад у нæ бирæнацион культурæйы иу хай. Стыр æхсызгон мын у, уыцы культурæйы ахъаззаг бынат кæй ахсы, национ литературæйы бындуры фыццаг æрттиваг дуртæ мæ уарзон фыссæг Хетæгкаты Къоста кæй сæвæрдта, уый. Ацы бонты та ма ноджыдæр базыдтон уыцы бæрзонд бынаты лæууæг адæймаджы нывкæнынады курдиат дæр".*

**Вилис ЛАЦИС, фыссæг:**

*"Цæгат Ирыстоны аивады æмæ литературæйы декадæйы боны фæткы Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад иттæг стыр бынат кæй ахсы, уый у бынтон ахсджиаг хъуыддаг".*

**Юрий ЗАВАДСКИЙ, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат:**

*"Цæгат Ирыстоны театр рагæй дæр мæ цæсты тынг кадджын у. Ис ын хъæздыг истори. Йæ фидæн ноджы хъæздыгдæр кæй уыдзæн, уый дызæрдыггаг нæу, уымæн æмæ дзы ис бирæ курдиатджын артисттæ, дæсны режиссертæ. Уыдон стыр разæнгардæй сæ цæст дарынц Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстадон бынтæм".*

**Дмитрий БЛАГОЙ, литературæиртасæг, Академик:**

*"Цæгат Ирыстоны театралон аивад схызт тынг бæрзонд къæпхæнмæ. Се сфæлдыстады Хетæгкаты Къостайы курдиатджын фыстытæ æмæ йæ сурæт аккаг бынат кæй ахсынц, уый бирæ цæуылдæрты дзурæг у".*

**Григорий АЛЕКСАНДРОВ, ССР Цæдисы адæмон артист, Сталинон премийы лауреат, кинорежиссер:**

*"Дыккаг хатт æмбæлын Тæбæхсæуты Владимиримæ, æмæ мын уый тынг æхсызгон у. Æз æй федтон Отелло æмæ Лиры рольтæ хъазгæйæ. Мæнмæ гæсгæ, Тæбæхсæуы-фырты курдиатæн абарæн ис Шекспиры курдиатимæ. Ноджы ма йын абарæн ис Остужевимæ, Михоэлсимæ æмæ нæ аивады æндæр “къæдзæхтимæ”. Уæдæ Хетæджы-фыртæн та абарæн ис нæ Цæдисы æмæ æнæхъæн дунейы æппæты тыхджындæр фысджытимæ".*

**Тетсуа ИСИКАВА, япойнаг фыссæг æмæ критик:**

*"Японы стыр аргъ ис Горькийы уацмыстæн. Бирæты дзы иттæг æхсызгонæн кæсæм нæхи æвзагмæ тæлмацгондæй. Махмæ интеллигенцийæ бирæтæ зонынц Ирыстоны фыссæг Хетæджы-фырты дæр".*

**Эмиль КИО, Уæрæсейы Федерацийы адæмон артист:**

*"Ирон аивад æмæ литературæ мæнæн æцæгæлон никуы уыдысты. Декадæйы иннæ хабæрттыл нæ дзурдзынæн, фæлæ зæгъдзынæн, ацы бæрæгбон Хетæгкаты Къостайы номимæ баст кæй у, уый мын тынг æхсызгон кæй у, уый тыххæй. Ахæм курдиаты хицæуттæ Хуыцау фылдæр куы раттид".*

**Александр ПОКРЫШКИН, Советон Цæдисы Æртæ хатты Хъæбатыр:**

*"Сывæллоны бонты цирк бирæ бауарзтон. Бауарзтон литературæ дæр. Хетæгкаты Къостайы сфæлдыстад мын тынг адджын у".*

**Саид ГАБИЕВ, дагестайнаг поэт:**

*"Къостайы пъеро фыста æрмæст æцæгдзинад. Йæхи уды хабæрттæ æмæ мæстытæ дзы уыдысты рох. Поэт сагъæсы бадти æмæ улæфыд æрмæст йæхи райгуырæн бæстæйы цардæй. Хæххон адæмæй фыццагдæр Къоста бацамыдта фæндаг, нæ хæххон æвзæгтæ æмæ нæ адæмы культурæйы кæцырдæм азмæлын хъæуы, уырдæм. Ирон адæм æмхуызонæй Къостайы поэмæтæ кæсынæй не ‘фсæдынц, хицæн скъуыддзæгтæ та дзы адæмон зæрджытæ систы æмæ зæллангкæнынц кæцыфæнды чысыл ирон хъæуы дæр. Къостайы ном алы ирон дæр сдзуры дзуары номæн кувæгау. Æмæ ирон хæдзары цавæрфæнды фынгвæрды дæр сæйрагдæр сидт уадзынц Къостайы номыл, йæ хуыздæр æмдзæвгæтыл ын заргæйæ. Гъе, афтæмæй Къостайы мард ирон адæмæн ссис æгас нацийы судзаггаг зиан, цæрæнбонты кæй нæ ферох кæндзысты, ахæм руxсаггаг зиан”.*

## Коста - нывгæнæг

***Чысыл адæмтæ уæлдай амондджындæр æмæ тæхудиагдæр уæд вæййынц, се ‘хсæнæй куы рацæуынц номдзыд лæгтæ. Мах, ирон адæм, хайджын фестæм уыцы амондæй. Иры зæххыл райгуырд, йæ кад æмæ намысы кой æппæт дунетыл кæмæн айхъуыст, уыцы æрдхæрæны стыр поэт - Хетæгкаты Къоста. Уымæй уæлдай ма уый уыд дæсны æмæ курдиатджын нывгæнæг дæр.***

Къоста 1887 азы адæмы размæ рахаста йе стыр куыстытæй иу "Святая равноапостольская Нина, просветительница Грузии". Йæ хæдфæстæ та - "Хъыггæнæг зæд".

Аивадуарзджытæ йын стыр аргъ скодтой йæ иннæ уацмыс "Сывæллæттæ-дурсæтджытæ"-йæн дæр. Къоста уым ирдæй, зæрдæмæхъаргæ æнкъарæнтимæ равдыста дыууæ хохаг чысыл лæппуйы сурæттæ. Ацы ныв Къостайæн йæхи зæрдæмæ дæр тынг цыд. Стыр аргъ ын скодта йæ рæстæджы номдзыд нывгæнæг Тугъанты Махарбег.

Уацмысы, зæгъæн ис, æмæ нывкæнынады æппæт жанртæ дæр баиу сты: портрет, пейзаж, натюрморт...

Хохаг сывæллæтты царды уæззау нывтæ ирд æмæ бæлвырдæй зынынц Къостайы иннæ ныв "Дон хæссынмæ"-йы дæр. Автор дзы бавæрдта йæ зæрдæйы хъарм. Æвæццæгæн æй ныв кодта йæ уæззау сабидугыл хъуыды кæнгæйæ. Цы æрыгон хæрзконд сылгоймаджы дзы уынæм, уымæй та нын равдыста, афæдз дæр ыл нæма цыд, афтæмæй цы ныййарæг мадæй фæхицæн, уый сурæт.

Хохаг адæмы социалон царды уæззау уавæртæ автор бæлвырдæй равдыста йæ иннæ куыст "Арахъуадзджытæ"-йы дæр.

Къостайы конд нывтыл цæст лæмбынæг ахæсгæйæ, æрцæуæм ахæм хъуыдымæ: йе 'ппæт куыстытæ дæр ист сты цардæй, сæ бындур у царды рæстдзинад, æмæ зæрдæмæ дæр афтæ тынг уымæн хъарынц.

Уый нывкæнынады аивады хуызтæй йе 'ргом тынгдæр здæхта портреты жанрмæ.

Санкт-Петербурджы ма куы ахуыр кодта, уæд фыццагдæр кæй скодта, уыцы нывтæй иу у "Жукъаты Кошерханы портрет" (1882). Дзæуджыхъæуы цæргæйæ та, 1887-89 азты, кæй скодта, уыдоны нымæцы сты Аннæ Поповайы, Гуытъиаты Мысырбийы, Тхостаты Тутийы, Байаты Хуысинæйы портреттæ.

Къоста аив, зæрдæмæ арф чи хъары, ахæм æнкъарæнтæй равдыста æрыгон, цардбæллон чызг Аннæ Поповайы сурæт. Уымæн йæ сыгъдæг зæрдæйы уаг бæлвырдæй зыны йæ хæлар, уарзæгой цæстæнгасыл.

Аннæ Поповайы уарзты сыгъдæг æнкъарæнтæн дзуапп дæтгæйæ, Къоста уый тыххæй иу æмæ дыууæ хатты нæ ныффыста æмдзæвгæтæ, лæвар ын кодта йæ конд нывтæ, суанг ма йын "Хъыггæнæг зæд"-ы дæр равдыста йæ сурæт.

*"Мах зындоны дзæмбытæй дæр ратондзыстæм нæ амонд",* - фыста Къоста йæ иу писмойы Аннæ Поповамæ. Фæлæ... Уыцы амондæй сæ дыууæ дæр æнæхай фесты.

Къостайы нывты 'хсæн зынгæ бынат ахсы "Цæлыккаты Аннæйы портрет" (1898). Къоста дзы ирд æмæ бæлвырдæй равдыста йæ сыгъдæг, æнæкæрон уарзондзинады æнкъарæнтæ Аннæмæ.

Аивадуарзджыты арф хъуыдытыл бафтауы Къостайы конд "Автопортрет". Портретæй нæм кæсынц Къостайы æнкъард цæстытæ, уынæм дзы йæ зондджын, дардмæуынаг цæстæнгас. Цыма нын йæ цавæрдæр сусæг ныхас зæгъынмæ хъавы, æууæнды ныл, фæлæ нæм нæ хъуысы йæ зæрдæйы мидхъарæг.

Къостайы "Автопортрет"-мæ кæсгæйæ, зæрдыл æрбалæууынц, уый йæ хæстæг Гайттаты Иналыхъмæ йæ иу писмойы цы рæнхъытæ фыста, уыдон: *"Нет! Я могу предложить только вечно тревожную и неизменно трудовую жизнь, полную смысла и целесообразности, проникнутую горячей любовью не только к семье и родственникам, но и к бедной нашей родине, ко всему страждущему, униженному и оскорбленному".*

Къоста йæ Ирыстоны цы æнæкæрон уарзтæй уарзта, нæ урссæр айнæг къæдзæхтæ, нæ диссаджы алæмæты æрдз йæ зæрдæйы цы стыр бынат ахстой, уый бæлвырдæй равдыста йæ конд нывтæ "Зикъарайы æфцæг", "Æрдзон хид", "Тибердайы ком"-ы.

Къоста нывкæнынады аивады æппæт хуызты архайгæйæ, алкæцыйы дæр йæхи равдыста дæсны, курдиатджын, стыр нывгæнæгæй æмæ йæ алы конд ныв дæр зæрдæмæ афтæ арф уымæн хъары.



"Хъыгтæнæг зæд"



"Сывæллæттæ-дурсæтджытæ"



"Дон хæссынмæ"



"Арахъуадзджытæ"

Спортивон фидиуæг

# Ирыстон æмæ Олимпаг хъæзтытæ



***Цыппар азæй цыппар азмæ дунейы цы Олимпаг хъæзтытæ фæцæуынц, уыдон сты спорты сæйраг цаутæ. Дунеон олимпон комитеты ис 206 бæстæйы минæвæрттæ, уыдонæн сæ фылдæр сты Иугонд Нациты Организацийы (ООН) уæнгтæй. Фæстаг рæстæджы Олимпаг хъæзтыты хицæн командæтæй архайдтой Палестинæйы, Косовойы, Хуссар Суданы спортсментæ. Ирыстоны алтеттæ та архайынц Уæрæсейы, Украинæйы, Белорусы, Гуырдзыстоны, Азербайджаны, Сомихы, Молдавийы, Казахстаны, Узбекистаны, Словакийы æмæ Исландийы æмбырдгæндты.***

Олимпаг хъæзтытæ "райгуырдысты" Рагон Грецийы нæ эрæйы агъоммæйы 708 азы. Уæд сæ фыццаг хатт 5 боны дæргъы кодтой Хуыцауы номыл. Раздæр олимпиадæйы архайыны бар уыд дориæгтæн, цасдæр рæстæджы фæстæ та - иннæ грекъæгтæ æмæ ма, сæ сакъадахы чи цард, уыдонæн. Уый фæстæ йæм хонын райдыдтой Чысыл Азийæ, Кавказæй, Египет æмæ Сирийæ. Олимпаг хъæзтыты архайдта скифаг философ Анахарсис, сомихаг паддзах Вараздат. Анахарсис хæцыд боксæй.

Уый фæстæ Олимпаг хъæзтытæ ферох сты æмæ та ногæй "райгуырдысты" 1896 азы Афинæты, барон Пьер де Кубертены руаджы. Ныр Олимпаг хъæзтыты сæйраг æвзаг у францаг. Раздæр зымæгон æмæ сæрдыгон хъæзтытæ цыдысты азæй азмæ, фæстæдæр та - дыууæ азы иу хатт.

Уæрæсе Олимпаг хъæзтыты архайын райдыдта 1900 азы.

Фыццаг дунеон æмæ Советон Цæдисимæ хæстытæ бакъуылымпы кодтой Олимпаг хъæзтытæ æнæхъæн Европæйы дæр.

Советон Социалистон республикæты Цæдисы æмбырдгонд командæйæн йæ бон бацис 1952 азы Хельсинкийы XV хъæзтытæм ацæуын, æмæ сын Америкæйы Иугонд Штатты командæимæ дихгонд æрцыд 1-аг бынæттæ. Уæд фæзындысты спорты алы хуызтæй советон фыццаг олимпаг чемпионтæ.

2-аг Олимпион хъæзтытæ та уыдысты Мельбурны, æмæ советон æмбырдгонд тыхджындæр разынд Америкæйы æмбырдгондæй. Советон æмбырдгонды сконды уæд фæзындысты фыццаг ирæттæ - уæгъдибар хъæбысхæстæй **Бестауты Алымбег** (67 кг) æмæ **Хъуылаты Барис** (87 кг). Алымбег райста бронзæ майдан, Барис та бацахста 2-аг бынат.

Советон Цæдисы æмбырдгонд командæ фæуæлахиз уый фæстæ Олимпаг хъæзтыты дæр: Римы, Токиойы, Мехикойы, Мюнхены æмæ Монреалы. Уыцы уæлахизты архайдта ирыстойнаг спортсментæ. **Дзарасаты Саукуыдз** (1960, Рим) райста бронзæ майдан уæззау уæзы хæцгæйæ. Ахæм майдан ма уым райста **Рубайты Владимир** дæр. Токиойы 3-аг бынат бацахста хъæбысхæстæй рог уæзы **Нодар Хохашвили.** Мехикойы та (1968) Тедеты Елхъан 6-æм бынат бацахста. Мюнхены 84 кг уæзы **Леван Тедиашвили** уæгъдибар хъæбысхæстæй ссис уæлахиздзау, **Гусаты Юрий** та 10-æм бынатмæ рацыд. Ацы Олимпаг хъæзтыты **Шота Чочишвили** ссис сызгъæрин майданы хицау, дзюдойæ Советон Цæдисы 1-аг чемпион.

1976 азы Монреалы цы Олимпаг хъæзтытæ цыд, уым хъæбысхæстæй уæззау уæзы чемпион ссис легендарон **Андиаты Сослан**, йæ ныхмæлæуджытыл фæуæлахиз æмгъуыдæй раздæр. 2-аг хатт сызгъæрин майдан райста **Леван Тедиашвили** дæр.

